# Суў дереклеринен нәтийжели пайдаланыў – турмыслық зәрүрлик

Усы жылдың 2-июль күни Қанлыкөл районы "Жаңа қала" аўыл пуқаралар жыйынында жайласқан "Генжебек" фермер хожалығында суўды үнемлеўши технологиялардың абзаллықлары, тәкирарий егилген егинлерди суўғарыўды шөлкемлестириў бойынша көргизбели семинар болып өтти.

Image not found or type unknown

Семинарға Өзбекстан Республикасы Суў хожалығы министри Ш.Хамраев, Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы министри Ж.Узақов, район ҳәкими А.Ибрагимов, ҳәким орынбасарлары, сектор баслықлары, суў хожалығы бөлиминен тийисли ўәкиллер, сондай-ақ, кластер шөлкеми ҳәм фермер хожалықлары баслықлары қатнасты.

Image not found or type unknown

Семинар барысында, районда искерлик алып барып атырған фермер хожалықларына суўдан үнемли тәризде пайдаланыўдың методлары, абзаллықлары бойынша кеңнен түсиниклер берилди. Усы шеңберде, фермерлер суўды үнемлеў бойынша өз тәжирийбелерин билдирип, пикир ҳәм усынысларын келтирип өтти.

Image not found or type unknown

Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети